

Rezolisyon 1325 (2000)

Konsèy Sekirite Nasyonzini aprouve l nan 4213yèm seyans li, jou ki te 31 oktòb 2000

Konsèy Sekirite a,

Fè sonje rezolisyon 1261 an (1999) ki pote dat 25 dawou 1999, 1265 lan (1999) ki pote dat 17 septanm 1999, 1296 lan (2000) nan dat 19 avril 2000 ak 1314 lan (2000) nan dat 11 dawou 2000, ansanm avèk lòt deklarasyon Prezidan an fè sou kesyon an, enpi l ap raple tou deklarasyon Prezidan alatèt li a te fè devan Laprès nan okazyon Jounen Nasyonzini pou Dwa Fanm ak Lapè nan Lemond (Jounen Entènasyonal pou Fanm) nan dat 8 mas 2000,

Anmenmtan tou l ap fè sonje tout angajman ki te pran nan Deklarasyon ak Platfòm Bejinn (A/52/231) ansanm ak tou sa ki make nan dokiman Asanble Jeneral la te aprouve nan venntwazyèm seyans alestrawòdinè li " Fanm nan lane 2000: egalite ant fanm ak gason, devlopman ak lapè pou venteyinyèm syèk la" (A/S-23/10/Rev.1), sitou pwèn sila yo ki gen arevwa ak koze fanm enpi ak lagè,

Nan sonje toujou dapre ki prensip ak nan ki bi yo ekri manman lwa Nasyonzini an, li rekonèt dokiman sila a bay Konsèy Sekirite a kòm premye reskonsablite pou l asire lapè ak sekirite nan lemond,

Lè l konstate ak enkyetid pifò moun ki sibi move konsekans lagè se manb popilasyon sivil lan, sitou fanm ak timoun, plis refijye ak moun yo deplase mete lòt kote, enpi lè li wè tou se kategori sila yo sòlda ak moun ki ame plis vize, li rann kont ki konsekans sa ka genyen lè w ap chèche jwenn rekonsilyasyon e tabli lapè manchlong,

L ap di yon lòt fwa ankò fanm jwe yon wòl enpòtan ni nan fè prevansyon ak rezolisyon konfli, ni nan chèche tabli lapè, pandan l ap ensiste di patisipasyon fanm dwe egalego ak pa gason nan tout jefò k ap fèt pou ankouraje enpi ede tabli lapè ak bon jan sekirite, kidi fanm yo ta dwe patisipe piplis lè desizyon ap pran nan koze prevansyon ak rezolisyon konfli,

L ap redi tou li nesesè pou respekte san wete san mete, tout sa Dwa Entènasyonal Imanité prevwa ansanm ak lòt zouti lalwa nan zafè dwa moun, ki pwoteje ni dwa fanm ni dwa tifi nan peryòd konfli ou annapre,

L ap fè remake tout moun ki konsène dwe veyatif pou nan tout pwogram pou detere min oswa fè sansibilizasyon sou danje min, yo konsidere bezwen espesifik fanm ak tifi genyen,

Li konsidere se yon ijans li ye nan koze tabli lapè, pou rive jwenn fason pou antreprann aktivite yo selon w annafè ak fanm oubyen ak gason, pandan l ap pran nòt sou tou sa ki te di nan Deklarasyon Windhoek ak nan Plan Daksyon Namibi sou kesyon sa a pou operasyon k ap apiye travay mete lapè,

Li rann kont tou enpòtans rekòmandasyon Prezidan Konsèy Sekirite a te fè nan jou ki te 8 mas 2000, kote li te deklare li ta bon pou yo òganize sesyon

fòmasyon sou pwoteksyon, bezwen espesifik ak dwa fondanatal fanm ak tifi nan moman lagè, pou tout manm fòs ki la pou tabli lapè,

Li vin wè si moun te byen konprann konsekans lagè sou lavi fanm ak tifi, si te genyen bon jan antant pami enstitisyon ki anchaje pwoteksyon yo, e si fanm te patisipe kòm sadwa nan tout demach pou tabli lapè, travay sila a, pwomosyon pou lapè, enpi travay pou mete sekirite nan lemond t ap pi fasil,

Li trouve li lè, li tan, pou genyen bon jan enfòmasyon ki bay presizyon ak chif sou konsekans lagè sou lavi fanm ak tifi, kidonk, Konsèy Sekirite a,

1. *Mande ann ijans* pou tout Eta Manb yo jwenn yon fason pou gen plis fanm nan tout nivo kote desizyon ap pran nan tout kalte enstitisyon, kit se nasyonal, rejyonal oswa entènasyonal, sou zafè prevansyon, jesyon oubyen rezolisyon konfli;
2. *Ankouraje* Sekretè Jeneral lan ekzekite plan dakasyon estratejik li a (A/49/587) ki prevwa patisipasyon plis fanm kote desizyon ap pran sou fason konfli dwe rezoud ak sou demach pou tabli lapè;
3. *Mande pou prese prese* Sekretè Jeneral la chwazi mete plis fanm kòm Reprezantant oubyen Mesajèz Espesyal pou ranpli misyon bòn volonte nan non li, e nan sans sa a, li *mande* Eta Manb yo tou pou bay Sekretè Jeneral lan non plizyè kandidat pou prepare yon lis li va kenbe ajou;
4. *Mande ankò pou lapoula* Sekretè Jeneral la koumanse pèmèt medam yo jwe yon pi gwo wòl e kontribiye piplis nan operasyon Nasyonzini ap mennen sou teren, sitou kòm obsèvatris militèz, manb polis sivil, espesyalis nan koze Dwa Moun enpi kòm manb operasyon imanité;
5. *Deklare li pare* pou l itilize yon metòd k ap chita sou prensip ekite ant gason ak fanm nan tout operasyon pou asire lapè, enpi l *mande pou tousuit* Sekretè Jeneral la fè dilijans nan kad operasyon teren yo, pou sizoka, omwen genyen yon seksyon sou koze fanm;
6. *Mande* Sekretè Jeneral lan bay Eta Manb yo machasuiv ak materyèl pou fòmasyon sou zafè pwoteksyon, dwa ak bezwen espesifik fanm enpitou sou enpòtans patisipasyon yo nan tout demach pou asire lapè oswa ba li jarèt, konsa tou li *envite* tout Eta Manb yo rantre tout pwen sila yo, ansanm avèk koze sansibilizasyon sou HIV/SIDA nan pwogram fòmasyon nasyonal y ap òganize pou manb fòs militè ak lapolis y ap deplwaye, enpi *mande ankò* pou Sekretè Jeneral la asire l tout sivil k ap patisipe nan operasyon pou tabli lapè, resevwa yon fòmasyon nan menm sans sa a;
7. *Mande* tout Eta Manb yo fè dilijans pou ogmante èd teknik, lajan oswa èd lojistik yo vle bay pou aktivite fòmasyon sou zafè parite ant fanm ak gason, kiditou sila yo a plizyè Fon ak Pwogram Nasyonzini ka mete sou pye, kit se Fon Nasyonzini pou Fanm, Fon Nasyonzini pou Timoun, Komisarya Nasyonzini pou Refijye oswa nenpòt lòt enstitisyon anndan an ki gen konpetans pou sa;
8. *Mande* tout moun ki gen arevwa nan zafè negosyasyon oubyen nan ekzekisyon antant pou tabli lapè, pou yo fè l yon fason k ap pèmèt genyen ekite ant gason ak fanm, enpi sitou:

- a) pran an konsiderasyon bezwen espesifik fanm ak tifi lè y ap rapatriye yo ou reyenstale yo lòt kote, enpi fè menmjan tou nan travay relèvman, reyentegrasyon ak rekonstriksyon apre lagè;
 - b) pran mwayen sila yo a k ap pèmèt apiye demach gwoup fanm fè nan zòn y ap viv pou tabli lapè, ansanm ak metòd yo abitye sèvi pou rezoud konfli e ki favorize patisipasyon fanm nan tousa k ap fèt pou rive ekzekite antant pou mete lapè;
 - c) pran mwayen pou garanti pwoteksyon ak respè dwa fondannatal fanm ak tifi, sitou nan nivo manman lwa peyi yo, nan sistèm elektoral, nan lapolis ak nan enstitisyon k ap bay jistis;
9. *Mande* tout gwoup k ap fè lagè youn ak lòt pou respekte Dwa Entènasyonal, nan sa ki prevwa sou koze dwa ak pwoteksyon fanm ak tifi antanke sivil nan yon popilasyon, sitou nan obligasyon gwoup sa yo genyen dapre Konvansyon Jenèv 1949 lan ak lòt Pwotokòl 1977 yo sou kesyon sa a, Konvansyon 1951 sou sitiyasyon refijye ak Pwotokòl 1967 li an, Konvansyon 1979 lan sou eliminasyon tout kalte vyolans ak diskriminasyon kont fanm ansanm ak Pwotokòl fakiltatif 1999 la, enpi avèk Konvansyon 1989 Nasyonzini an sou Dwa Timoun ki vin gen de (2) Pwotokòl fakiltatif nan dat 25 me 2000, enpitou pou yo pran dispozisyon ki nesèsè dapre sa yo mande nan dokiman-batistè "Statut de Rome" Tribinal Penal Entènasyonal lan;
 10. *Mande* tout gwoup k ap patisipe nan lagè pran prekosyon espesyal pou pwoteje fanm ak tifi kont tout zak vyolans yo sibi dèske yo se fanm, sitou kadèjak ak lòt fòm abi seksyèl, ansanm avèk tout lòt kalte vyolans ki ka rive fèt nan moman lagè;
 11. *Fè remake* se yon obligasyon tout Eta genyen pou kwape enpinite e jije tout moun yo akize kòm zakè ki fè jenosid, krim kont limanite ak krim nan moman lagè, kidi tou, tout kalte vyolans espesifik ak lòt move zak kont fanm ak tifi, e sou pwen sa a, *demonstre* li nesèsè toutotan sa posib, pou moun ki komèt modèl krim sila yo pa benefisye amnisti;
 12. *Mande* tout moun k ap fè lagè respekte mak fabrik sivil ak imanità enstalasyon ak kan refijye genyen, enpitou pou yo pran an konsiderasyon bezwen espesifik fanm ak tifi yo lè y ap fè enstalasyon oubyen bati kan sila yo, pandan l ap fè *sonje* Rezolisyon 1208 (1998) ki te pran nan dat 19 novanm 1998 ak Rezolisyon 1296 (2000) ki pote dat 19 avril 2000;
 13. *Ankouraje* tout moun ki gen pou planifye operasyon pou dezame, demobilize enpi reyentegre ansyen konbatan nan lasosyete, pou yo sonje bezwen fanm ex-konbatant pa menm avèk pa gason ex-konbatan enpi pou yo pran an konsiderasyon lòt moun ansyen konbatant ak konbatan sa yo genyen sou kont yo;
 14. *Redi ankò li pare*, toutlèfw l ap aplike atik 41manman lwa Nasyonzini an, pou l etidye konsekans sa ka genyen sou popilasyon sivil, etandone fanm ak tifi gen bezwen espesifik, pou l kapab si sa ta nesèsè, ekzante sèten moun pou rezon imanità;
 15. *Deklare li dispoze* l ouvri je pou l sèten misyon Konsèy Sekirite a antreprann yo ap pran an konsiderasyon koze parite ant gason ak fanm, ansanm ak Dwa Fanm, gras a chita pale nan nivo lokal oswa entènasyonal avèk gwoup fanm;

16. *Envite* Sekretè Jeneral la etidye konsekans lagè genyen sou fanm ak tifi, wòl fanm jwe nan bay lapè jarèt, avèk rezilta aplikasyon prensip ekite ant gason ak fanm nan demach pou tabli lapè oswa rezoud konfli, li *envite / tou* pou l prezante Konsèy Sekirite a yon rapò sou rezilta etid sila a ke li dwe voye tou bay tout Eta Manb Oganizasyon Nasyonzini an;
17. *Mande* Sekretè Jeneral lan, sizoka sa nesesè, pou li tou mete nan rapò li gen pou l prezante yo, enfòmasyon sou pwogrè k ap fèt sou koze parite ant fanm ak gason nan nivo misyon pou tabli lapè yo, enpi sou tout lòt pwen ki konsène fanm ak tifi;
18. *Deside* pou l rete aktif sou dosye a.